

Dat Avi an	Dat Li Anplas	Nimewo CIN
Manm (Timoun/Jèn)	Non	
	Dat Nesans	
Paran/Gadyen Legal/Reprezantan Legal Otorize si posib	Non	
Sant Sante	Non	
	Adrès	
	Nimewo Telefòn	

Avi sa a se pou fè ou konnen apati dat sa a _____ ajans sa a te: _____
Dat Non Sant Sante

Te kanpe enskripsyon HCBS ou an nan 1915(c) Children's Waiver

Enskripsyon ou nan renonsyasyon an ak aksè ou genyen nan HCBS lan ap kanpe epi sa ap antre anvigè nan dat ki pi wo an pou rezon sila a(yo) ki pi ba an:

- Ou pa ranpli kritè Nivo Swen pou Objektif, Ris ak Egzijans Fonksyonèl ki nesèsè pou enskri nan renonsyasyon an.
- Ou vin genyen 21 lane
- Ou resevwa sèvis HCBS yo nan men yon lòt sistèm HCBS (tankou OPWDD oswa MLTC)
- Ou resevwa swen lopital pou plis pase 90 jou (tankou Etablisman Trètman Rezidansyèl, Mezon Retrèt, Lopital, elatriye.)
- Ou nan prizon pou moman an
- Lòt _____

Aksyon sa a fèt dapre HCBS Children's Waiver Authority NY 4125 R05.02 ak 42 CFR 441.302(c) ak Lwa Sèvis Sosyal 366(6), 366(7), 366(9), oswa 366(12)

Siyati Reprezantan Sant Sante an	X
---	---

SI OU PA DAKÒ AK DESIZYON SILA A, OU KAPAB MANDE POU YON KONFERANS, YON ODYANS SAN PATIPRI OSWA TOULÈDE. TANPRI LI PATI DÈYÈ AVI SA A POU KONNEN KI JAN POU FÈ DEMANN POU YON KONFERANS AK/OSWA YON ODYANS SAN PATIPRI.

DWA POU ALE NAN YON KONFERANS

Ou gen dwa pou patisipe nan yon konferans pou evalye desizyon sa yo. Si ou ta vle patisipe nan yon reyinyon, ou ta dwe mande youn kou sa posib. Nan reyinyon an, si nou dekouvi nou te pran yon desizyon ki pa kòrèk oswa si, akòz enfòmasyon ou bay yo, nou deside chanje desizyon nou an, n ap pran mezi pou korije desizyon an epi ba ou yon lòt avi. Ou kapab fè demann pou yon konferans pandan ou ap rele nan nimewo ki afiche nan premye paj nan Avi sa a oswa pandan ou ap voye yo demann alekri bay nou nan adrès ki afiche anlè nan premye paj Avi sa a. Yo itilize nimewo sa sèlman pou fè demann pou yon konferans. **Se pa konsa ou mande yon odyans san patipri.** Si ou mande yon reyinyon, ou toujou gen dwa jwenn yon odyans san patipri. Si ou vle pou avantaj ou yo pa chanje (èd kontinye) jiskaske ou jwenn yon desizyon odyans san patipri, ou dwe mande yon odyans san patipri nan fason ki dekrè anba la a. Li pi ba a pou enfòmasyon sou odyans san patipri.

DWA POU ALE NAN YON ODYANS SAN PATIPRI

Si ou panse desizyon pi wo a pa kòrèk, ou ka mande yon odyans san patipri devan Eta an nan:

- 1) **Telefòn:** Ou ka rele nan nimewo telefòn gratis pou tout Eta a: 800-342-3334 (TANPRI METE AVI SA A TOUPRE OU NAN MOMAN OU AP RELE A); OSWA
- 2) **faks:** Voye yon kopi avi sa a nan nimewo faks. (518) 473-6735; OSWA
- 3) **Sou Entènèt (anliy):** Ranpli epi voye fòm demann lan sou entènèt la nan: <http://www.otda.ny.gov/oah/forms.asp>; OSWA
- 4) **Ekri:** Voye yon kopi avi sa a ki ranpli, bay Seksyon Odyans San Patipri an ki anndan Biwo Asistans Tanporè ak Moun Andikape yo pou Eta New York lan, P.O. Box 1930, Albany, New York 12201. Tanpri kenbe yon kopi pou ou.
- 5) **Mache ale nan: New York City:**
Biwo Asistans Tanporè ak Moun Andikape yo (Office of Temporary and Disability Assistance)
Biwo Odyans Administratif yo (Office of Administrative Hearings)
14 Boerum Place – 1st Floor
Brooklyn, New York 11201
- 6) **Difiltilte pou pale oswa Tande**
Kontakte Sèvis Transmisyon New York lan nan 711 oswa 1-800-622-1220. Mande pou operatè an rele nan 877-502-6155. Yo ap desèvi moun ki rele nan nimewo sa a ki genyen ekipman TDD sèlman.

Mwen vle yon odyans san patipri. Desizyon Ajans lan pa kòrèk paske _____

OU GENYEN 60 JOU APRE DAT OU RESEVWA AVI SA A POU MANDE YON ODYANS SAN PATIPRI.

Si ou fè yon demann pou yon odyans san patipri, Eta an ap voye yon avi ba ou pou enfòmasyon ou sou lè ak kote odyans lan ap fèt la. Ou genyen dwa pou yon konseye jiridik, yon fanmi ou, yon znami ou oswa yon lòt moun reprezante ou oswa reprezante tèt ou. Nan odyans lan, avoka ou oswa lòt reprezantan yo ap genyen opòtinite pou prezante yon prèv aloral oswa alekri pou demontre poukisa yo pa dwe pran aksyon kont ou, ansanm ak yon opòtinite pou kesyone nepòt moun ki parèt nan odyans lan. Epitou, ou gen dwa pou vini avèk temwen ki pou pale anfavè ou. Ou dwe vini nan odyans lan ak tout dokiman tankou avi sa a, fich pèman, resi, bòdwo swen sante, bòdwo chofaj, verifikasyon medikal, lèt doktè yo, elatriye ki kapab ede ou nan prezante dosye ou an.

KONTINYASYON AVANTAJ OU YO:

Si ou mande yon odyans san patipri anvan dat kòmansman ki endike nan avi sa a, ou pral kontinye resevwa avantaj ou yo san okenn chanjman jiskaske yo bay desizyon odyans san patipri a. Men, si ou pèdi odyans san patipri a, nou ka rekipere nenpòt avantaj Medicaid ou pa te sipoze resevwa. Si ou vle evite posiblite sa a, tcheke bwat ki anba a pou montre ou pa vle èd ou kontinye, epi voye paj sa a ansanm ak demann pou odyans ou an. Si ou tcheke bwat la, yo pral pran aksyon ki dekrè pi wo a nan dat kòmansman ki endike anwo a.

Mwen dakò pou yo pran desizyon an sou avantaj Medicaid mwen yo, jan sa dekrè nan avi sa a, anvan yo bay desizyon pou odyans san patipri a.

ASISTANS JIRIDIK

Si ou bezwen asistans jiridik gratis, ou kapab jwenn yon asistans konsa pandan ou kontakte Sosyete Asistans Jiridik ou an oswa yon lòt gwoup avoka lokal. Ou ka ale nan Paj Jòn anba "Lawyers" (Avoka) oswa rele nimewo ki afiche anwo premye paj avi sa a pou ou kapab lokalize Sosyete Asistans Jiridik oswa gwoup avoka ki pi pre w la.

AKSÈ NAN DOSYE AK KOPI DOKIMAN OU YO

Pou ede ou prepare ou pou odyans lan, ou gen dwa pou gade dosye ou yo. Si ou rele nou oswa si ou ekri nou, nou ap voye kopi dokiman dosye ou yo ba ou gratis, epitou se dokiman sa yo nou ap bay ofisye odyans lan nan odyans ekitab la. Epitou, si ou rele oswa ekri nou, nou ap ba ou kopi lòt dokiman dosye ou panse ou ka bezwen pou prepare pou odyans ekitab ou a gratis. Si ou rele oswa ekri nou, nou ap mete dokiman règleman espesifik ki nesèsè disponib gratis pou ou deside si w ta dwe mande yon odyans ekitab oswa prepare pou odyans la gratis. Men yon egzanp kèk dokiman règleman ki ka disponib pou ou: Enstriksyon Administratif, mesaj Sistèm Enfòmasyon Jeneral, Lèt Enfòmasyon, kèk pati nan Gid Referans Medicaid la, Bilten Mizajou Enfòmasyon Depatman Sante Medicaid la ak Memorandòm Komisè Lokal yo. Pou mande dokiman yo oswa pou konnen kijan pou gade dosye ou, rele nou nan nimewo telefòn Aksè nan Dosye ki endike anlè paj devan avi sa a, oswa ekri nou nan adrès ki enprime anlè paj devan avi sa a. Si ou vle jwenn kopi dokiman règleman espesifik oswa dokiman ki nan dosye ou gratis, ou ta dwe mande yo davans. Nou ap ba ou yo nan yon dèl rezonab anvan dat odyans lan. Nou ap voye dokiman yo pou ou nan lapòs sèlman si ou fè yon demann espesyal pou sa.

ENFÒMASYON

Si ou vle jwenn enfòmasyon sou dosye ou, sou kijan pou mande yon odyans san patipri, oswa sou kijan pou resevwa lòt kopi dokiman yo, rele nou nan nimewo telefòn ki anlè premye paj avi sa a, oswa ekri nou nan adrès ki enprime anlè premye paj avi sa a.

Non ou an Lèt Detache:	Nimewo Idantifikasyon Kliyan (CIN):
Adrès:	Nimewo Telefòn:
Siyati: X	Dat la: